16. Rakhmatullaev S., Huneau F., Celle-Jeanton H., Coustumer P., Motelica-Heino M., Bakiev M. Water reservoirs, irrigation and sedimentation in Central Asia: a first-cut assessment for Uzbekistan. // Environmental Earth Sciences. Volume 68.-Springer Berlin Heidelberg, 2013. – P. 991.
17. Farg‘ona viloyati davlat arxivi, 1022-fond, 2-ro‘yxat, 182-yig‘majild, 127-b.
18. Гаевая Т.Я., Писарева В.Н. Экологическая ситуация в Узбекистане. // World bank, 2003. http://www.igpi.ru/bibl/igpi_publ/uzb_eco.html
19. Irrigation in Central Asia: social, economic and environmental considerations. – P.13. http://www.worldbank. org /eca/ environment

**REZYUME.** Maqolada arxiv manbalari va tarixiy materiallar asosida O‘zbekistonda markazning paxta yakkahokimligi amaliyoti va uni yanada mustahkamlash maqsadida respublikada yirik sug‘orish kanallari va nasos stansiyalarini qurish bo‘yicha ko‘rilayotgan chora-tadbirlar doirasida olib borilgan siyosati tahlil etilgan. Shuningdek, mamlakatda melioratsiya va yerlarni sug‘orish jarayoni, shu hududlarda sovet hukumatining paxta yakkahokimligi siyosati tamoyillari asosida paxta yetishtirishga ixtisoslashgan rayon va sovxozlarning tashkil etilishi va paxta yetkazib berish va uning salbiy oqibatlari asosiy tarixiy manbalardan foydalangan holda yoritilgan. Bundan tashqari, tadqiqotda muallif O‘zbekistondagi qo‘riq yerlarning meliorativ holati va melioratsiya qilingan yerlarda tashkil etilgan davlat xo‘jaliklari tarixini o‘rgangan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье на основе архивных источников и исторических материалов анализируется политика центра дальнейшего усиления монокультурного хлопка в Узбекистане, проводимая в рамках предпринимаемых мер по строительству в республике крупных оросительных каналов и насосных станций. Также, процесс мелиорации и орошения земель в стране, а также организация районов и совхозов на этих территориях специализировались на выращивании хлопка на принципах хлопковой монопольной политики Советского правительства и увеличении обеспеченности хлопчатником хозяйств центр и его отрицательные результаты освещаются с помощью основных исторических источников. Кроме того, в исследовании автор изучил мелиорацию целинных земель в Узбекистане и историю совхозов организованных на мелиорированных землях.

**SUMMARY.** The article analyzes the policy of the centre of the further strengthening mono cultural clap in Uzbekistan that in undertaken measures on building of large irrigation canals and pumping stations in the Republic on the basis of archival sources and historical materials. Therefore, the process of reclamation and irrigation of lands in the country as well as, organization of districts and state farms in these areas specialized to cotton - growing on the principles of cotton monopoly policy of the Soviet government and increase of provision of cotton to the centre and its negative results are elucidated with the help of main historical sources. Besides, in the research the author studied the reclamation of virgin lands in Uzbekistan and the history of state farms organized in the new reclaimed lands.

# EKINShI JÁHÁN URÍSÍNAN KEYINGI DÁWIRLERDE QARAQALPAQSTANDA KITAPXANALAR JAǴDAYÍ

**R.S.Reymbaev –** *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** kutubxona, tashviqot va targ‘ibot ishlari, madaniy-ma’rifiy muassasalar, kutubxonachilik, kitob fondi.
**Ключевые слова:** библиотека, агитационно-пропагандистская работа, культурно-просветительные учреждения, библиотечное дело, книжный фонд.
**Key words**: library, propaganda and propaganda work, cultural and educational institutions, librarianship, book collection.

**Kirisiw.** Ekinshi jáhán urısınan keyin respublika húkimeti mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleri tarmaǵın tiklew wazıypaların belgilep berdi. 1946-jılı aprel ayında Ózbekstan SSR Ministrler Soveti hám Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komiteti "Ózbekstan SSR mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısın jaqsılaw ilajları haqqında" qarar qabıl etti. Usı qarar tiykarında Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komiteti byurosınıń 1946-jıl 27-maydaǵı qararı menen de usınday qarar qabıl etilgen. Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komitetiniń qararında mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń ahwalı miynetkeshlerdiń mádeniy talaplarınan artta qalǵanlıǵı, bar oblastlıq mádeniyat úyleri, qalalıq klublar, qızıl chayxanalar, oblastlıq hám awıllıq kitapxanalar, oqıwxanalar elege shekem abadanlastırılmaǵanlıǵı, úgit-násiyat hám úgit-násiyatlaw, mádeniy-aǵartıwshılıq jumıslar orayı, urıs jıllarında jabılǵan kolxoz klubları tarmaǵı ele kóp jaǵınan tiklenbegenligi kórsetilgen edi [1].

**Ádebiyatlar analizi hám metodlar.** Maqala ulıwma qabıl etilgen tariyxıy metodlar, yaǵnıy tariyxıylıq, salıstırmalı-logikalıq analiz, izbe-izlik hám pánler aralıq qatnaslar tiykarında sáwlelendirilgen. Sonday-aq temanı ashıwda, izertlewge tiyisli basıp shıǵarılǵan ilimiy maqalalar, statistikalıq materiallar toplamı, arxiv hújjetleri tallandı hám ulıwmalıq maǵlıwmatlar sıpatında paydalanıldı.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** 1946-jılı Qaraqalpaqstan Ministrler Keńesi janında Mádeniy-aǵartıwshılıq basqarması shólkemlestirilip, rayon, qalalarda mádeniy-aǵartıwshılıq bólimleri jumıs alıp baradı. Qaraqalpaqstanda bul basqarmaǵa Tashpulat Chigataev tayınlanadı [2]. Basqarma sistemasına Respublikalıq kitapxana, Mádeniyat úyi, Úlketaniw muzeyi, lekciya byurosı, rayon hám qalalardaǵı 168 klub hám 37 kitapxana kiredi [3]. Tiykarǵı wazıypa – urıs jıllarında belgili sebeplerge baylanıslı jabılıp qalǵan mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeler sistemasın qayta tiklew, kolxozlarda basqa xojalıq maqsetlerinde paydalanılıp atırǵan kitapxana hám klub imaratların qaytarıp alıw, ońlaw, xalıqqa mádeniy-aǵartıwshılıq jaqtan xızmet etiwge baǵdarlawdan ibarat edi.

Biraq, bul jańa finanslıq investiciyalardı talap etti. Soǵan qaramastan, jaslar óz baslaması menen awıldaǵı kitapxana mákemelerin óz kúshleri menen ońlaw arqalı qısqa waqıt ishinde kóplegen kitapxanalar xalıqqa kitap penen jaqsı xızmet kórsetiw imkaniyatına iye boldı. Máselen, Kegeyli rayonında da qısqa waqıt ishinde kitapxanalar jumısı jolǵa qoyıldı. Rayonlıq kitapxanada kitapqumarlar kóbeydi, gazeta-jurnallarǵa jazılıw jolǵa

qoyıldı, jańa kitaplar satıp alıw kitapqumarlardıń talabın esapqa alǵan halda ámelge asırıldı. Moynaq rayonındaǵı "Oktyabrdiń 15 jıllıǵı" balıqshılıq kolxozı kitapxanası (baslıq A.Arıstanbaeva) barlıq brigadalarda kóshpeli kitapxanalar shólkemlestirgen [4]. Bul hár bir xalıqqa hám kolxozshılarǵa, balıqshılarǵa kitap alıp keliwge úles qostı. 1948-jılı Qońırat rayonındaǵı 11 kitapxanada jańa ádebiyatlar satıp alıw ushın ajıratılǵan qarjılar ózlestirilmegeni kitaptı úgit-násiyatlawǵa óz tásirin tiygizgen, kitapqumarlar sanı hám qatnas azayǵan [5]. 1949-jılı jaslardıń baslaması menen respublika boyınsha 185 klub, 105 kitapxana ońlanıp, jumıs baslaǵan [6].

1947-jılı Nókiste qalalıq balalar kitapxanası eki kishi bólmede shólkemlestirildi [7], biraq ǵalabalıq ilajlar ótkeriw imkaniyatı joq edi. Bul mákemeniń birinshi basshısı R.Xakimov, sońınan T.Qaliev tayınlanǵan. Kitapxanashılıq tarawınıń nuranıy xızmetkeri Xanım apa Seytbay qızınıń eslewinshe, 1953-1962-jılları 1-sanlı balalar kitapxanasın basqarıp, 1965-jılı usı mákeme Respublikalıq balalar kitapxanasına aylandırıladı.

1949-jılı Moynaq rayonı kitapxanalarında unamlı jumıslar alıp barılıp, lekciyalar, sáwbetler, kesheler shólkemlestiriwde tájiriybeler toplandı. 5 kitapxana, 10 oqıw zalı, 10 qızıl múyeshte A.S.Pushkin tuwılǵanınıń 150 jıllıǵına baǵıshlanǵan ádebiy kesheler ótkerildi[8]. Biraq kitap fondları toplamı xalıqtıń kitap oqıwǵa bolǵan ósip baratırǵan mútájliklerin qanaatlandıra almadı, bul jerde barlıq waqıtta da kerekli kitaplardı, ásirese, jańa kitaplardı tabıw múmkin bolmadı.

1950-jildan baslap Respublika kitapxanası óz ámeliyatına kitapxanalar aralıq abonement arqalı kitapqumarlarǵa xızmet kórsetiwdi jolǵa qoydı hám bul arqalı xalıqtıń ádebiyatqa bolǵan keń talabı qanaatlandırıldı. SSSR Mámleketlik kitapxanası menen kitapxanalar aralıq baylanıslar Moskvadaǵı V.I.Lenin, Tashkenttegi Áliysher Nawayı atındaǵı Mámleketlik ǵalaba kitapxanası hám mámleketimizdiń basqa da iri kitap fondları kitap almasıwdıń keńeyiwine, kitapqumarlardıń biybaha kitaplarǵa bolǵan talapların qanaatlandırıwǵa túrtki boldı. 1951-jılda kitapxanalar aralıq abonement xızmetlerinen 20 kitapqumar paydalanǵan [9].

1951-jılı Respublika kitapxanasınıń kitap fondında 37052 den artıq kitap bolıp, olardan 2369 kitapqumar paydalanǵan, 1952-jılı 46186 (2725) kitapqumar paydalanǵan [10]. Kitapxana óziniń turaqlı oqıwshıların tárbiyalaw jolında kóp miynet etedi. Bunda kitapxanashılar X.Esbulsina hám P.F.Katishevalardıń xızmetleri úlken boldı.

Rayonlıq hám awıllıq kitapxanalardıń jumısı jedellesti. 1950-jılı 8 awıllıq hám 1 balalar kitapxanası ashıldı. Kitapxanalardıń barlıq kitap fondlarınan 211 mıńnan aslam turaqlı kitapqumarlar paydalanǵan. Kitapxanashılar tárepinen 270 kitap kórgizbeleri, 368 foto kórgizbe shólkemlestirildi, 273 diywalı gazeta, 345 jawıngerlik qaǵazlar basıp shıǵarıldı, 37 ádebiy-tematikalıq kesheler, 573 sáwbet ótkerildi [11]. 1951-jılı Tórtkúl qalalıq balalar kitapxanası jas kitapqumarlar ıqtıyarında 7426 nusqa kitap bolǵan [12]. Kitapxana jańa kitapqumarlardı tartıw boyınsha jedel jumıs alıp bardı, nátiyjede 1951-jıldıń birinshi shereginde 282 kitapqumar kitapxanaǵa jazıldı [13].

Taxtakópir rayonı kitapxanashılarınıń jıynalısında paxtakeshlerge xızmet kórsetiw boyınsha kitapxanalar jumısınıń jaǵdayı haqqındaǵı másele dodalandı. Mádeniy-aǵartıwshılıq bóliminiń baslıǵı J.Aybusinovtıń bul másele boyınsha bayanatınan soń kitapxanashılar kitapxana xızmeti boyınsha keń tájiriybe almastı [14]. Taxtakópir rayonı besinshi awıl keńesi awıl kitapxanası tárepinen Abay Qunanbaevtıń dóretiwshiligine baǵıshlanǵan kitapqumarlar konferenciyası shólkemlestirildi. Usı konferenciyada kitapxanashı G.Sodiqova, belsendi kitapqumarlar J.Allaqanov, Q.Qudiyarov, P.Turdımuratova hám basqalar mazmunlı sáwbetler ótkerdi. Bul kitapqumarlar konferenciyasınan soń kitapxanaǵa keliwshiler sanı kóbeyip, kitapqumarlardıń kitapqa qızıǵıwshılıǵı arttı [15].

1950-jıllardıń baslarında kitapxana qurılısınıń áhmiyetli wazıypaları ámelde sheshildi: hár bir kitapxana kitabın xalıqtıń tiykarǵı mútájligine aylandırıw, kitapxana xızmetiniń birden-bir sisteması tiykarında pútkil avtonomiyalı respublikada xalıqtı kitap penen támiyinlew maqset etildi. Bul mashqalalardıń sheshiliwi respublika kitapxanasına kitapxanashılıqtı basqarıwdıń pútkil sistemasında materiallıq bazanıń barǵan sayın jedel hám nátiyjeli bolıwın támiyinledi. Usı maqsette respublika kitapxanası tárepinen metodikalıq materiallar islep shıǵılıp, konsultaciyalar, sayaxatlar, seminarlar ótkeriledi, kitapxana xızmetkerleriniń qánigeligin arttırıw kursları shólkemlestirildi.

Awıl kitapxanalarınıń qaraqalpaq tilinde alıp barılıp atırǵan jumıslar kórgizbesin tayarlaw hám ótkeriw boyınsha da metodikalıq kórsetpeler jiberildi. Jámi 9 metodikalıq qollanba islep shıǵılıp, tarqatıldı [16].

1952-jılı Qaraqalpaqstan xalqına 7 qalalıq, 13 rayonlıq mádeniyat úyleri, 7 kásiplik awqamları, 79 kolxoz klubları hám 16 basqa da bólimlerdiń klubları, 117 kitapqumarlıq úyleri fondında 13101 nusqa kitaplar bolǵan hám mádeniy xızmetler kórsetilgen.

Qaraqalpaqstan ASSR Joqarǵı Soveti Prezidiumınıń 1953-jıl 16-iyundaǵı pármanına muwapıq Qaraqalpaqstan ASSR Mádeniyat ministrligi dúzilip, oǵan mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleri, kinomatografiya, poligrafiya mákemeleri, "Uzknigotorg", Radioinformaciya komiteti hám olarǵa qaraslı mákemeler kirgizildi[17]. Qaraqalpaqstanda Mádeniyat ministri etip Jumamurat Jiemuratov tayınlandı. Mádeniyat ministrliginiń tiykarǵı wazıypası kórkem ónerdi jáne de rawajlandırıw, mádeniyatlardı óz ara bayıtıw hám jaqınlastırıwdı jáhán kóleminde úgit-násiyatlaw, mádeniyat hám aǵartıwshılıq mákemeleriniń ideyalıq-siyasiy, estetikalıq, miynet, áskeriy-watansúyiwshilik, ádep-ikramlılıq tárbiyasındaǵı rolin arttırıw edi.

Solay etip, 1953-jılı mámleketlik ǵalaba hám respublika kitapxanaları tarmaǵına basshılıq etiw túrli mákeme hám shólkemler kitapxanaları jumısın muwapıqlastırıw ushın mólsherlengen jańadan dúzilgen respublikalardıń Mádeniyat ministrliklerine júklendi. Mádeniyat ministrliginiń dúziliwi kitapxanashılıqtıń jáne de rawajlanıwına, kitapxanalar jumısı ústinen mámleketlik qadaǵalawdıń kúsheyiwine, olardıń tarmaǵınıń tártipke salınıwına hám respublika boylap teńdey bólistiriliwine xızmet etti.

Ulıwma alǵanda, 1951-1955-jılları kitapxanalar sanı arttı, kitap fondı 1951-jılǵa salıstırǵanda 275,9 mıń nusqaǵa kóbeydi [18]. Respublika kitapxanasınıń kitap fondı 1951-jıldaǵı 46 mıń nusqaǵa salıstırǵanda túrli xalıqlar hám shet tillerdegi kitaplardı qosqanda 60 mıń nusqadan ibarat edi [19].

1958-jılı Qaraqalpaqstan xalqına kitapxana xızmetin kórsetiw menen 271 kitapxana shuǵıllanǵan bolıp, olardıń kitap fondı hár qıylı tarawlarǵa tiyisli 984 mıńnan aslam kitap, jurnal hám broshyuralardan ibarat bolsa, 1950-jılǵa salıstırǵanda kitap fondı 4 eseden aslam kóbeydi [20]. Tek

Respublika kitapxanası fondında 80714 atamadaǵı kitaplar, sonnan 27957 jámiyetlik-siyasiy, 5651 tábiyattanıw hám basqa da ádebiyatlar bar edi [21]. 1952-jilǵa salıstırǵanda kitapxana fondı derlik eki esege kóbeydi.

Solay etip, 1950-jıllardıń baslarında Qaraqalpaqstanda kitapxanalar tarmaǵı qáliplesti, olarda respublikalıq áhmiyettegi kitapxanalar, oblastlıq, awıllıq kitapxanalar, sonday-aq, klublar, mákemeler janındaǵı kishi kitapxanalar, kóshpeli kitapxanalar hám kitapqumarlıq úyleri túrindegi kitapxanalar shólkemlestirildi. 1950-jıllardıń 2-yarımında jańa kitapxanalar qáliplese basladı: 1956-1958-jılları respublikada 10 jańa kitapxana, 70 ten aslam klub ashıldı, olarda da kitapxanalar bar edi. Usı úsh jıl dawamında respublika kitapxanalarındaǵı kitap hám jurnallar fondı 300 mıń nusqaǵa kóbeydi [22].

Respublikalıq balalar kitapxanası jumısı tártipke salındı. Bul kitapxanada materiallıq-texnikalıq bazası tómen bolıwına qaramastan, jas kitapqumarlar kóp bolǵan. 1957-jilǵa salıstırǵanda 1958-jılda balalar kitapxanasında kitapqumarlar sanı 156 adamǵa, kitap beriw 327 nusqaǵa kóbeydi [23]. Basqa kitapxana kórsetkishleri sáykes túrde arttı.

Biraq Qaraqalpaqstanda kitapxanashılıq tarawında bir qatar mashqalalar bar edi. Atap aytqanda, materiallıq-texnikalıq baza júdá ázzi edi, finanslıq resurslar barlıq waqıtta da nátiyjeli paydalanılmaǵan. Tilekke qarsı, kitapxanashılardan awıllıq sovetlerge xızmetker, járdemshi, xatker, xabarshı sıpatında paydalanıwdıń jaman ámeliyatı dawam etti.

Ekinshi mashqala – arnawlı kitapxana úskeneleriniń joq ekenligi. Hátte Respublika kitapxanasında da tiyisli bólme joq edi: kitap fondınıń derlik yarımı jerde jatatuǵın, bólme tarlıqtan kitap shkaflarıń qoyıwǵa orın joq edi. Xojeli hám Nókis qalalıq balalar kitapxanalarınıń imaratları jaramsız jaǵdayda edi. Awıllıq kitapxanalardıń yarımınan kóbi ızǵar, eski, beyimlestirilmegen, kóbinese jaramsız imaratlarda jaylasqan. Kópshilik kitapxanalarda turaqlı inventar, shkaflar, vitrinalar, katalog tartpaları hám basqalar joq edi [24].

**Juwmaq.** Mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleri quramında kitapxanalardıń roli eki túrli edi. Onıń ideologiyalıq funkciyasınıń absolyutlesiwi hár bir kitapxananıń ideologiyalıq mákemege aylanıwına alıp keldi. Olar óz iskerliginde qordıń sanın kóbeytiw, kitaplar beriw, jámiyetlik-siyasiy temalarda ǵalabalıq ilajlar ótkeriw, partiyanıń gezektegi qurıltayı, saylawları materialları, partiya Oraylıq Komitetiniń qararların keńnen úgit-násiyatlawǵa kóbirek itibar qarattı hám bul hesh qanday oqıwshınıń qızıǵıwshılıǵına baylanıslı bolmadı. Oqıwshılardıń yarımınan kóbi hár dayım da kitapxana fondlarınan ózlerin qızıqtırǵan ádebiyat yamasa máwsimlik basılımlardı taba almaǵan.

Solay etip, 1950-jıllardıń aqırında SSSR da 714 million nusqa kitap fondına iye bolǵan 351,1 mıń barlıq túrdegi kitapxanalar, sonnan Qaraqalpaqstanda bolsa 293 kitapxana hám 117 oqıw zalları bar edi. Tarawdaǵı strukturalıq reformalar nátiyjesinde kitapxanashılıq jumısında bir qatar ózgerisler boldı. Biraq bul ózgerisler ideologiyalıq mazmunǵa iye bolıp, kitapxanalar sovet hákimiyatı alıp barǵan siyasattı úgit-násiyatlaw quralına aylanǵan edi.

**Ádebiyatlar**


1. QR MDA, P-551-f., 6-ruyh., 260- ish, 9-13-b.
2. QR MDA, P-551-f., 6-ruyh., 451-ish, 1-b
3. Народное хозяйство Узбекской ССР за 50 лет. Сборник статических материалов. – Ташкент: 1967. – С. 227.
4. QR MDA, P-551-f., 6-ruyh., 451-ish, 1-2-b.
5. QR MDA, P-551-f., 7-ruyh., 142-ish, 20-b.
6. Қызыл Қарақалпақстан. – Нөкис: 1949, 18 август.
7. История Каракалпакской АССР. Т. 2. – Ташкент: 1974. - С. 407.
8. QR MDA, P-551-f., 6-ruyh., 1043-ish, 162-163-b.
9. QR MDA. 173-f., 1-ruyh., 49-ish, 24-b.
10. QR MDA, 173-f., 1a-ruyh., 28-ish, 24-b.
11. QR MDA, 173-f., 1-ruyh., 44-ish, 2-b.
12. QR MDA, P-551-f., 7-ruyh., 787-ish, 71-b.
13. QR MDA, P-551-f., 7-ruyh., 487-ish, 71-b.
14. Советская Каракалпакия. – Нукус: 1951, 18 май.
15. Советская Каракалпакия. – Нукус: 1951. 6 май.
16. QR MDA. 173-f., 1-ruyh., 49-ish, 36-b.
17. QR MDA. P-551-f., 8-ruyh., 401-ish, 98-b.
18. QR MDA, P-551-f., 1-ruyh., 5341-ish, 3-b.
19. Советская Каракалпакия. – Нукус: 1955, 24 августа.
20. Народное хозяйство УзССР в 1965 году. Статистический сборник. – Ташкент: 1966. – С. 333.
21. QR MDA. 173-f., 1-ruyh., 91-ish, 78-90-b.
22. Очерки истории Каракалпакской АССР. Т. 2. – Ташкент: 1964. – С. 328.
23. QR MDA. P-551-f., 8-ruyh., 1602-ish, 16-17-b.
24. QR MDA. P-551-f., 9-ruyh., 1602-ish, 18,62-b.



**REZYUME.** Maqola Qoraqalpog‘istonda urushdan keyingi yillarda kutubxonachilikning shakllanishi va rivojlanish tarixiga bag‘ishlangan. Shuningdek shahar, tuman, qishloq va respublika kutubxonalarining ish faoliyti, kutubxonalar soni, kitob fondlari, kutubxonashilik ishidagi muammolar, Madaniyat vazirligining tashkil etilishi haqida so‘z etilgan.

**РЕЗЮМЕ**. Статья посвящена истории формирования и развития библиотечного дела в Каракалпакстане в послевоенные годы. Также рассматривается деятельность городских, районных, сельских и республиканских библиотек, количество библиотек, книжные фонды, проблемы в библиотечном деле и создание Министерства культуры.

**SUMMARY**. The article is devoted to the history of the formation and development of library science in Karakalpakstan in the post-war years. It also discusses the activities of city, district, rural, and republican libraries, the number of libraries, book collections, issues in library work, and the establishment of the Ministry of Culture.